# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҮЙ-ЖАЙ ҚУРЫЛЫСЫ ТАРИЙХЫНАН (1991-2013)

**З.Б.Есназарова –** *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ИЗ ИСТОРИИ ЖИЛИЩНОГО СТРОИТЕЛЬСТВА В КАРАКАЛПАКСТАНЕ (1991-2013)

**З.Б.Есназарова –** *кандидат исторических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# FROM THE HISTORY OF HOUSING CONSTRUCTION IN KARAKALPAKSTAN (1991-2013)

**Z.B.Esnazarova** – *Candidate of Historical Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар**: мустақиллик, ижтимоий, иқтисодиётни эркинлаштириш,ислоҳот, бозор муносабатлари, хусусийлаштириш, хусусий бизнес, маҳаллий бюджет, параметрлар, хўжалик юритиш маданияти.

**Резюме.** Ушбу илмий мақолада Қорақалпоғистон Республикасида 1991-2013 йилларда уй-жой қурилишидаги ўзгаришлар, унинг сабаблари, давлат сиёсатининг таъсири, иқтисодий ва ижтимоий омиллар чуқур ўрганилган. Муаллиф мустақиллик йилларидаги ислоҳотлар доирасида уй-жой қурилиши ҳажмининг динамикасини, қишлоқ ва шаҳар даражасидаги қурилиш дастурларини, молиялаштириш механизмларини ва уй-жой фондининг сифатини таҳлил қилади. Мақола қуйидаги жиҳатларни ўз ичига олади: 1990 йилларнинг бошларидаги инқироз даврида қурилиш ишларининг камайиши; 2000 йиллардан бошлаб ислоҳотлар натижасида қурилиш суръатининг ўсиши. Ҳукумат томонидан қабул қилинган дастурлар (масалан, намунавий лойиҳалар бўйича қишлоқ уйлари қуриш, ижтимоий гуруҳлар учун турар жойлар). Архитектура ва қурилиш соҳасидаги норматив-ҳуқуқий такомиллаштиришлар. Қишлоқ жойларини ривожлантиришга йўналтирилган давлат инвестициялари олиб қаралган.

**Ключевые слова**: независимость, экономика, социальный, либерализация экономики, реформа, рыночные отношения, приватизация, частная собственность, местный бюджет, параметры, культура хозяйствования.

**Резюме.** В данной научной статье подробно рассматриваются изменения в жилищном строительстве в Республике Каракалпакстан в 1991-2013 годах, их причины, влияние государственной политики, а также экономические и социальные факторы. Автор анализирует динамику объемов жилищного строительства в рамках реформ за годы независимости, программы строительства на сельском и городском уровнях, механизмы финансирования и качество жилищного фонда. Статья охватывает следующие аспекты: снижение строительных работ в период кризиса в начале 1990-х годов; рост темпов строительства в результате реформ, начавшихся в 2000-х годах. Программы, принятые правительством (например, строительство сельских домов по типовым проектам, жилья для социальных групп). Нормативно-правовые изменения в области архитектуры и строительства. Государственные инвестиции, направленные на развитие сельских районов, были рассмотрены.

**Key words:** independence, the economy, social, economic liberalization, reform, market economy, privatization, private ownership, local budget parameters, the culture of management.

**Summary.** This scientific article thoroughly examines the changes in housing construction in the Republic of Karakalpakstan between 1991 and 2013, its causes, the impact of state policy, and economic and social factors. The author analyzes the dynamics of housing construction volumes, rural and urban construction programs, financing mechanisms, and the quality of the housing stock within the framework of reforms during the years of independence. The article covers the following aspects: the decline in construction work during the crisis in the early 1990s; and the growth of construction rates as a result of reforms since the 2000s. Programs adopted by the government (for example, the construction of rural houses according to standard designs, housing for social groups). Regulatory and legal improvements in the field of architecture and construction. State investments directed towards the development of rural areas have been considered.

**Кирисиў.** 1991-2013-жыллар аралығында Қарақалпақстан тарийхында Өзбекстанның ғәрезсизликке ерисиўи ҳәм базар экономикасына өтиўи менен байланыслы терең социаллық-экономикалық өзгерислер жүз берди. Бул өзгерислер халық турмысының барлық тараўларында, соның ишинде, турақ жай қурылысы тараўында да тиккелей өз көринисин тапты. Турақ жай социаллық инфраструктураның ең әҳмийетли элементи сыпатында мүнәсип турмыс дәрежесин, шаңарақлардың турақлылығын тәмийинлеў, аймақтың демографиялық ҳәм

экономикалық раўажланыўында әҳмийетли орын ийелейди.

**Изертлеўдиң тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпалары**: Қарақалпақстан Республикасында 1991-2013-жылларда турақ жай қурылысының раўажланыў динамикасын, қурылыс тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың өзгерислерин, социаллық-экономикалық факторлардың тәсирин ҳәм регионның урбанизация процесслерин комплексли түрде үйрениў итибарға алынған. Қарақалпақстанда турақ жай қурылысы тараўындағы тийкарғы басқышларды анықлаў, жергиликли сиясат, экономикалық имканиятлар ҳәм демографиялық өзгерислер тәсирин талқылаў, қурылыс материаллары, техникалар ҳәм урбанизация процесслериниң өзгешеликлерин үйрениў нәзерде тутылады.

**Дереклерге шолыў**. Өзбекстан Республикасы президенти қарарлары ҳәм бағдарламалар: 1991-2013-жылларда қабыл етилген бир қатар қарар ҳәм бағдарламалар, мәселен, “Аўыллық жерлерде үлги жойбарлар тийкарында турақ жай қурылысын шөлкемлестириў ҳәм кеңейтиў ҳаққында"ғы қарар, усы тараўдағы мәмлекетлик сиясатты белгилеп берген. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм жергиликли ҳүкимет ҳүжжетлери Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң рәсмий сайтында 1991-2013-жыллардағы турақ жай қурылысына байланыслы қарарлар, бағдарламалар ҳәм есабатлар жәрияланған. Бул ҳүжжетлер жергиликли социаллық-экономикалық шараятларды ҳәм қурылыс тараўындағы мәмлекетлик сиясатты үйрениў ушын әҳмийетли дәрек болып есапланады.

**Изертлеўдиң метод ҳәм методологиясы**. Салыстырмалы метод – бир дәўирди екиншиси менен салыстырып, қурылыс көлеминдеги өзгерислерди, бағдарламалардың нәтийжелилигин көрсетиў. Ҳүжжет анализи – архив материаллары, мәмлекетлик буйрықлар, қарарлар, нызам ҳүжжетлери, статистикалық көрсеткишлерди талқылап пайдаланыў. Системалы анализ методы, қурылыс тараўын комплексли көрип шығыў, санлы (квантитатив) методлардан пайдаланылды.

Совет Аўқамы тарқалғаннан кейин Қарақалпақстанда заманагөй турақ жай майданларының жетиспеўшилиги, бар турақ жай фондының жағдайының төменлеўи, ғалабалық турақ жай қурылысы ушын зәрүр болған финанслық-экономикалық ресурслардың шекленгенлиги сыяқлы бир қатар аўыр машқалаларға дус келди. Соның менен бирге, 2000-жыллардың басынан баслап кең көлемли турақ жай бағдарламаларын әмелге асырыў, аўыллық массивлерде жеке тәртиптеги турақ жайлар қурыў, жас шаңарақлар ҳәм халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларын қоллап-қуўатлаўда көзге тасланып, бул тараўда мәмлекетлик сиясаттың жеделлесиўи әмелге асырылды.

Өзбекстан Ресупубликасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин биринши Президентимиз ҳәм ҳүкиметимиз тәрепинен архитекутура ҳәм қурылыс тараўына айырықша итибар қаратылды. Мәмлекетте бундай ислерди қолға алыў оғада актуаль машқала еди. Оның үстине, 1990-жылға дейинги ири капитал қурылысындағы норматив ҳүжжетлер заман талабына жуўап бермей қалды. Усылардан келип шығып, биринши Президентимиз қатар пәрман ҳәм қарарлар қабыл етти. Олар ўақыт талабынан келип шығып жетистирилип барылды.

1990-1994-жылларда Қарақалпақстан Республикасында Министрлер Кеңеси тәрепинен экономикалық реформаларды тереңлестириў базар қатнасларын қәлиплестириў, мийнет, финанс ҳәм материаллық ресурсларды нәтийжели пайдаланыў, кем тәмийинленген адамларды социаллық жақтан қорғаў бойынша жумыслар исленген. Әсиресе базар экономикасын раўажландырыўдың ҳуқықый тийкарларын дүзип бериўши нызамлардың ҳәрекетке келиўине мүмкиншилик жаратылды.

1991-1994-жыллары Қарақалпақстан Республикасы ең қыйын ўақытларда жумыс алып барды. Бурынғы аўқам тарқап, экономикалық қатнаслар үзилиске түскен бир жәмийетлик дәўирде, бурынғы аўқам қурамына кирген басқа қоңсылас республикаларда жүз берип атырған шийеленискен аўҳалларды болдырмай, халық хожалығында экономикалық дағдарыслардың тереңлесип кетиўине тосқынлық жасай алды.

Ҳәр қандай қыйыншылықларға қарамастан, қурылыс жумыслары үлкен көлемде алып барылды. 1991-1994-жыллары жаңадан санаат, транспорт ҳәм басқа да өндирислик кәрханалар, социаллық объектлер иске түсти. Халықты аўыз суў, тәбийий газ бенен тәмийинлеў ушын исленген қурылыс жумысларының көлеми бурынғы аўқам дәўири менен салыстырғанда жоқары дәрежеде болды [1].

Бир ғана 1996-жылы 371000м$^2$ турақ жай пайдаланыўға тапсырылды, соннан 327446м$^2$ қала халқы есабынан, тек 4351 м$^2$ кәрханалар ҳәм мәкемелер есабынан қурылды.

Бизиң мағлыўматларымыз бойынша, 2005-жылы Нөкис қаласында 602 көшеге, көп қабатлы үйлерге, хызмет көрсетиў объектлери болған 8 киши районға ийе еди. Соның 1551905м$^2$ майданы турақ жай объектлери менен бәнт еди. Улыўма жер майданының 2217895 м$^2$ жери бир қабатлы, 187291 кв.м. еки, оннан артық қабатлы имаратлар менен бәнт еди. Нөкис қаласында 25513 жеке үйлер, 14679 квартиралар бар [2].

Ири қурылыс траўларында түпкиликли бурлыс болмады. Бул жерде экономикалық реформалар ҳаққында айтыў қыйын. Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўирлеринде қурылыс комплексинде аўҳал қыйын болды. Бюджет есабынан қаржы менен тәмийинлеўдиң кемейип барыўы нәтийжесинде қурылыс-монтаж жумыслары кемейип барды.

Қурылыс материаллары ҳәм буйымлары нырқының тоқтаўсыз өсип барыўы ҳәм олардың жоқлығы айырым әҳмийетли санаат объектлерин де өз ўақтында иске түсириўге тосқынлық жасады.

Анализлеп қарағанымызда, ҳәммеге бир қәлипте қараў мәпти гөзлеп жумыс ислеў сыяқлы иллетлердиң ақыбетинде капитал қаржылардан нәтийжели пайдаланбаў ҳәм оларды белгили мақсетке жумсамаў питпеген қурылыс объектлериниң санының көбейип барыўы буның айқын дәлили деп қараўға болады.

Мысалы, 1994-жылдың мағлыўматларына қарағанда бундай объектлердиң саны еки мыңға жетип, олардың баҳасы 129,9 млн. сумды қурайды (1994-жыл басында) [3].

2001-жылы Қарақалпакстанда әмелге асырылып атырған ири қурылыс тараўы бойынша, улыўма қуны 58 миллиард сум болған қурылыслар пайдаланыўға тапсырылды [4].

Қурылыс тараўында алып барылған жумысларды 2000-жыл менен салыстырғанда үш есе өсимге ерисилиўи айрықша деп көрсетиўге болады.

2001-жылы 342 мың квадрат метр турақ жай, 2850 оқыўшы орынлық, 700 орынлық жатақханаларға ийе болған бес кәсиплик колледжлериниң қурылыўы ҳәм 1500 оқыўшыға мөлшерленген еки кәсиплик колледжи ҳәзирги заман талаплары дәрежесинде реконструкция-ланды ҳәм үскенеленди [5].

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2003-жыл 6-майдағы «Ири қурылыста экономикалық реформаларды буннан былай да тереңлестириўдиң тийкарғы бағдарлары ҳақында»ғы 3240-санлы пәрманы, оған тийкарланып қабыл етилген Министрлер Кабинетиниң 13-санлы қарары, соның менен бирге, 2005-жыл 30-апрель күнги «Қалалардың, қалалық поселкалардың ҳәм аўыллық елатлы пунктлердиң бас режелерин ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў процесслернин жетилистириў илажлары ҳаққында» 165-санлы ҳәм 12-февраль 2009-жылғы «Елатлы пунктлерди комплексли қурыў нормалары ҳәм қағыйдаларының қатаң орынланыўын қадағалаўды күшейтиўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы 41-санлы қарарларын буған мысал етип келтириўимизге болады [6].

Қарақалпакстан Республикасында ҳәрекеттеги нызамлар ҳәм норматив ҳүжжетлер дүнья жүзилик стандартларға жуўап беретуғын дәрежеде әмелге асырылды. Тийкарынан қурылыс ислери базар қатнасықлары тийкарында ислеп шығылған. 1999-2009-жыллар аралығындағы жаңадан қурылып питкерилген ҳәм капитал реконструкция етилген кәсип-өнер коллежлери, академиялық лицей ҳәм мектеплердиң имаратларын усы тийкарда алып қараўға болады.

Өзбекстан Республикасы Президентиң 2009-жыл «Аўылды раўажландырыў ҳәм абаданластырыў» жылы ҳаққындағы қабыл етилген 1046-санлы карарары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Тийкарынан “Аўылды раўажландырыў ҳәм абаданластырыў жылы» Мәмлекетлик бағдарламасын орынлаў және аўыллық елатлы пунктлердиң бас режелери ҳәм архитектуралық режелестириўди шөлкемлестириў жойбарларына муўапық тастыйықланған үлги жойбарлар бойын-ша жеке тәртиптеги турақ жай қурылысының көлемин кеңейтиў тийкарында аўыл халқының жасаў шараятларын түп-тийкарынан жақсылаў мақсетинде төмендеги илажлар алып қаралады.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм ўәлаятлар ҳәкимликлери тәрепинен үлги жойбарлар бойынша турақ жай ҳәм социаллық әҳмийетке ийе объектлер қурыўдың тәжирийбе жойбарларын әмелге асырыў ушын аўыл хожалығы ҳәм тоғай фонды жерлери категориясына кирмейтуғын 42 жер массивлери таңлап алынды. 2009-2010-жылларда 260,5 млрд. сум, соның ишинде, 2009-жылда - 65,5 млрд. сум муғдарында тастыйықланған үлги жойбарлар бойынша аўыллық елатлы пунктлерде жеке тәртиптеги турақ жай қурылысын кредитлеў дәреклери анықлап алынды [7].

Әсиресе архитектура ҳәм қурылыс тараўында мисли көрилмеген жетискенликлерге ерсилди. Буған мысал сыпатында Кегейли районының «Қызыл үй» аўылының, Қоңырат районының «Гүлистан» елатлы пункитиниң, Елликқала районының «Қылшынақ» аўылының, Хожели районының «Айбек» поселкаларының жобалары ислеп шығылды. Қурылыс ислерин және де жетилистириў мақсетинде 2009-жылы 3-августтағы қабыл етилген 1167-санлы қарарына тийкарланып Ташкент қаласындағы ОАКБ «Қишлоққурилиш банк»ниң Нөкис филиалы ашылды. Сондай-ақ, усы аўыллық елатларда алып барылып атырған ири қурылыс жумысларын техникалық бақлап барыўда «Инжинеринг» компаниясы шөлкемлестирилди [8].

Өзбекстан Республикасы бойынша 2009-2010-жыллары ушын 260,5 миллиард сомлық қаржы ажыратылды. Соның 65,5 миллиард сомлық жумыс көлемиин 2009-жылы әмелеге асырыў нәзерде тутылған еди. Усы бағдарда аўыллық жерлерде усы муғдардағы жумыс көлемин

орынлаў ушын 1082 поселка анықланды, соннан 136 поселканың архитектуралық жобаластырыў шешимлери исленип шығылды. Қарақалпакстан Республикасы Архитектура ҳәм қурылыс ислериниң жумысларында, көргизбели поселкалардың параметрлерине қарап шықсақ, Қоңырат районынан 75 гектар жер орынлары ажыратылып, 54 турақ жай, Хожели районынынан 12,5 гектар жер ажыратылып, 50 турақ жай, Нөкис районынан 10 гектар жер ажыратылып 44 турақ жай қурыў жобаластырылған [9].

Бул жобаластырылған жумыслар 2011, 2012, 2013-жыллар үй-жай қурыў ислери даўам етилип жобада көрсетилген тийкарда әмелге асырылды. Сондай-ақ, үй-жай қурыў мәселеси бойынша қәнигелер тәрепинен, ықлым шәраятларын есапқа алған халда, аўыллық елатларда қурылатуғын көргизбели турақ жай жойбарларына айырым өзгерислер киргизилди. Бундай қосымшалар алдағы ўақытлары турақлы түрде есапқа алынды. Бунда тийкарынан жойбарластырыў институтлары, қурылыс-монтажлаў мәкемелери, қурылыс материалларын ислеп шығарыў кәрханалары қатнасыўында көргизбелер шөлкемлестирилди. Онда қурылатуғын объектлердиң жойбарлары, макетлери, бас жобалары, сондай-ақ қурылыста пайдаланатуғын таза типтеги технологияларда исленген материаллар көрсетилди.

2009-жылы Нөкис қаласында 22 қурылыс ремонтлаў кәрханалары дүзилди. Усы кәрханалар тәрепинен 2009-жылы 100 турақ жайларда қурылыс-оңлаў жумыслары әмелге асырылды. Нөкис, Беруний, Шымбай ҳәм Қоңырат қалаларында сол кәрханалардың филиаллары ашылды. 2010-жылы Нөкис қаласындағы 26-киши район аймағына жайласқан, П.Сейтов көшеси бойындағы еки қабатлы 16 шаңараққа мөлшерленген турақ жайлардың қурып питкерилиўи айрықша әҳмийетке ийе. Бул имаратты «Эльриша-спика» жеке меншик фирмасының қурылысшылары 8 айда қурып питкерген [10].

Өзбекстан Республикасы Биринши Президенти И.А.Каримовтың 2014-жыл 6-февральдағы «Өзбекстан Республикасында жасларға байланыслы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўға қаратылған қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарары ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Елимиздиң жәмийетлик турмысына белесене қатнасып киятырған жас шаңарақларды қоллап-қуўатлаў илажлары ҳаққында»ғы қарары тийкарында Қарақалпақстан Республикасының Елликқала, Әмиўдәрья районларында, сондай-ақ, Нөкис қаласында 47-санлы «Қумбыз» аўыл мәкан пуқаралар жыйыны аймағында 58 шаңараққа мөлшерленген «Камалот үйи» шаңарақларға тапсырылды [11].

1991-2013-жыллар аралығында Қарақалпақстан Республикасында турақ жай қурылысында түпкиликли өзгерислер жүз берди. Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында экономикалық ҳәм финанслық қыйыншылықлар қурылыс тараўының төмен раўажланыўына себеп болған болса, 2000-жыллардан баслап реформалар ҳәм мәмлекетлик қоллап-қуўатлаўлар нәтийжесинде бул тараўда жаңа пәт бақланды. Ҳүкимет тәрепинен қабыл етилген бағдарламалар арқалы аўылларда үлги жойбарлар тийкарында турақ жайлар қурыў жолға қойылды. Қурылыс тараўына инвестиция тартыў, нормативлик базаны жетилистириў, қурылыс материалларын ислеп шығарыўды жолға қойыў жумыслары әмелге асырылды. Сондай-ақ, жаслар ҳәм социаллық қорғаўға мүтәж пуқараларды турақ жай менен тәмийинлеў сиясатында да анық нәтийжелерге ерисилди.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстанда турақ жай қурылысындағы раўажланыў – мәмлекеттеги улыўма экономикалық, социаллық ҳәм сиясий трансформацияның айқын көриниси болды. Мақалада, анық санлар, ҳүжжетлер ҳәм архив мағлыўматлары тийкарында бул өзгерислер ҳәр тәреплеме талланған.

Изертлеў жумысында келтирилген мағлыўматлар қурылыс тараўындағы регионаллық сиясатты баҳалаў ушын әҳмийетли база болып табылады. Аўыл ҳәм қаланың турақ жай қурылысының өзгешеликлерин салыстырмалы түрде көрсетиў оғада баҳалы. Изертлеўди даўам еттириў ушын 2013-жылдан кейинги дәўирдеги тенденцияларды да қосыў усыныс етиледи.

**Әдебиятлар**

1. / «Еркин Қарақалпақстан». 5-ноябрь 1994.

2. Қараңыз: Есназарова З.Б. История города Нукуса период независимости. Автореф.дисс… канд.ист.наук. – Нукус: 2009. – С. 24.

3. Архив ЖК РК.Ф.35.Оп 1. Д.33. Л..282.

4. Справка об итогах социально-экономического развития и ходе экономическая реформ в Республике Каракалпакстан за первое полугодие 2001 года. – Нукус: 2002. – С.10.

5. /«Еркин Қарақалпақстан». 2002-жыл, 9-май.

6. / «Халқ сўзи» 2003-жыл, 6-май.

7. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2009 й., 32-33-сон, 358-модда; 2011 й., 9-сон, 84-модда; 2012 й., 3-4-сон,26-модда; 2013 й., 2-сон, 17-модда, 47-сон, 615-модда; 2014 й., 29-сон, 356-модда; 2015 й., 1-сон, 1-модда; Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 20.07.2018 й., 07/18/3863/1544-сон; 19.06.2020 й., 06/20/6011/0780-сон).
8. / «Еркин Қарақалпақстан», 2010-жыл, 9-январь
9. Архив ЖК.Ф.35. Д.33. Л.282.
10. Есназарова З. 2016-жыл «Саламат ана ҳәм бала жылы»на бағышланған «Илим ҳәм тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық ҳәм әмелий конференция материаллары. – Нөкис: 2016, 94-95-б.
11. / «Қарақалпақстан жаслары», 2014, 16-январь.